

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Nurutkeun ieu panalungtikan, dicindekkeun yén kecap bilangan panangtu dina basa Sunda téh aya jeung hirup di masarakat. Basa Sunda dianggap rék tumpur, tapi kabukianna basa Sunda masih hirup sarta dinamis luyu jeung kamekaran jaman. Ieu bisa dicirikeun dina kecap bilangan panangtu dina basa Sunda nu masih dipaké dina kahirupan sapopoé, boh dilingkungan pasar, patani, nalyan jsté.

Kecap bilangan panangtu dina basa Sunda bisa ditalungtik secara struktur jeung ma'na. Data kecap bilangan panangtu anu kapanggih dina panalungtikan ieu aya 266 kecap. Kecap bilangan panangtu dina basa Sunda diwangun ku cara afiksasi jeung komposisi tina wangu dasar nu kagolong kana jinis kecap barang, kecap pagawéan, kecap bilangan (ukuran), jeung kecap pancén. Kecap-kecap éta diwangun ku rarangkén jeung kecap asal. Aya nu ngan diwangun ku rarangkén hareup (sa-) anu ditambahkan kecap barang, pagawéan, jeung pancén, aya anu diwangun ku rarangkén barang (sa- + -an) anu ditambahkan kecap barang jeung pagawéan, aya ogé anu maké rarangkén hareupna dua (sa- + pang-) anu ditambahkan ku kecap pagawéan. Salian ti kecap, bilangan panangtu aya ogé nu mangrupa frasa, anu diwangun ku rarangkén hareup (sa-) ditambah ukuran jeung kecap barang.

Nurutkeun struktur, kecap bilangan panangtu dina basa Sunda bisa ditalungtik secara wangunna anu disawang tina unsur-unsur morfém nu jadi pangwangunna. Tina hasil analisis data kapanggih aya dalapan wangu kecap bilangan panangtu, wangu (1) sa- + kecap barang, (2) sa- + kecap pagawéan, (3) sa- + kecap pancén, (4) sa- + kecap barang + -an, (5) sa- + kecap pagawéan + -an, (6) sa- + pang + pagawéan, (7) sa- + ukuran + kecap barang. Tina timuan di luhur jéntré yén prosés kecap bilangan panangtu ku jalan afiksasi dilakukeun ku cara: (1) awalan atawa prefiksasi jeung (2) ahiran atawa sufiksasi, tina data nu dianalisis teu kapanggih wanguan kecap bilangan panangtu ku cara infiksasi jeung konfiksasi. Fungsi kecap bilangan panangtu dina basa Sunda, nya éta Fungsi kecap bilangan panangtu mangrupa kalungguhan jeung gunana kecap bilangan panangtu dina wanguan basa saperti dina frasa jeung klausa atawa kalimah. Disawang tina wanguan basa tempat cicingna, kapanggih dua fungsi kecap bilangan panangtu, nya éta dina tataran frasa, jeung 2) fungsi kecap bilangan panangtu dina tataran klausa atawa kalimah. Distribusi kecap bilangan panangtu dina basa Sunda, nya éta aya dua distribusi, nya éta: 1) distribusi post-nominal jeung 2) distribusi pre-nominal. Acuan barang kecap bilangan panangtu dina basa Sunda téh nyoko kana sababaraha

ma'na, nya éta: 1) dedegan, 2) wangun, 3) kandel, 4) panjang 5) jumlah, 6) jero, 7) eusi, 8) waktu, jeung 9) jarak. Ma'na acuan kecap bilangan panangtu dina basa Sunda nyoko kana kecap barang anu diterangkeun jumlahna ka kecap bilangan panangtu. Disawang tina ma'na inhérn barangna, acuan kecap bilangan panangtu kapanggih aya lima ma'na, nya éta (1) jalma, (2) sasatoan, (3) tutuwuhan, (4) barang, jeung (5) tempat.

5.2 Saran

Dumasar tina hasil panalungtikan ieu panalungtikan téh masih perlu ditalungtik kalawan jero, ku sabab masih kénéh loba kosa kecap bilangan panangtu nu can kaguar. Hal ieu dibalukarkeun ku beuratna sumber data jeung waktu panalungtikan. Sangkan leuwih jero dina nalungtik kecap bilangan panangtu dina basa Sunda, bisa ditalungtik sarta diguar kana bubuk leutikna nurutkeun sumber lisan jeung tinulis lianna.

Pikeun ngeuyeuban data linguistik kecap bilangan panangtu dina basa Sunda kacida pentingna, lantaran dina unggal tatabasa, kecap bilangan panangtu dibahas ngan saulas. Padahal kecap bilangan panangtu dina basa Sunda mangrupa kosa kecap nu unik. Kecap bilangan panangtu ngeuyeuban dina widang sintaksis.

Dina ngagunakeun kecap bilangan panangtu, dipiharep kecap bilangan panangtu dipaké bener ulah sangeunahna. Ulah maké struktur kecap bilangan dina Indonésian tapi kudu maké struktur kecap bilangan dina Sunda.

Dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa jadi motivator pikeun panalungtikan séjén, hususna dina ngaguar kecap bilangan panangtu dina basa Sunda kalawan jero nepi ka bubuk leutikna.